

## RINGKESAN

**Kyla Tahira Firdaus 2024. Analisis Cadangan Karbon Dina Tangkal di Ruang Terbuka Hijau Taman Ganesha Kota Bandung jeung sabudeureunana. Dibimbing ku Dr. Hj. Mia Nurkanti M.Kes. jeung Dr. Ida Yuyu Nurul Hizqiyah S.Pd. M.Si.**

Analisis Cadangan Karbon Dina Tangkal di Ruang Terbuka Hijau Taman Ganesha Kota Bandung jeung sabudeureunana geus dilaksanakeun dina 29 Méi 2024. Panalungtikan ieu tujuanana pikeun mikanyaho jenis tangkal naon waé nu aya di Ruang Terbuka Hijau Taman Ganesha Kota Bandung jeung sabudeureunana, nalungtik Cadangan karbon taunan di Ruang Terbuka Hijau Taman Ganesha jeung sabudeureunana, jenis tangkal naon anu paling panglobana neundeun cadangan karbon. Metode Panalungtikan anu dipake dina ieu panalungtikan nyaéta deskriptif kuantitatif ku ngalakukeun observasi langsung di lapangan pikeun mariksa jeung ngumpulkeun informasi ngeunaan cadangan karbon dina tangkal di Ruang Terbuka Hijau Taman Ganesha Kota Bandung jeung sabudeureunana. Data dititénan sacara kuantitatif dumasar kana diameter tangkal, jangkungna tangkal, jenis tangkal, jeung simpenan karbon. Hasil panalungtikan di Taman Ganesha Kota Bandung netelakeun aya 65 tangkal kalawan 25 jenis tangkal. Total Cadangan Karbon nu disimpen di Ruang Terbuka Hijau Taman Ganesha Kota Bandung jeung sabudeureunana nyaéta 46.210,67 kg kalawan total biomassa 93.074,13 kg. Tangkal kalawan biomassa panglobana nyaéta Cemara Laut (*Casuarina equisetifolia*), sedengkeun Tangkal kalawan biomassa jeung cadangan karbon pangleutikna nyaéta Glodogan Tiang (*Polyalthia longifolia*), Kananga (*Cananga odorata*), jeung Dadap Merah (*Erythrina crista-galli*), anu ogé kaasup dina kategori pangleutikna.

**Kecap Konci:** Cadangan Karbon, Ruang Terbuka Hijau, Taman Ganesha, Kota Bandung jeung sabudeureunana.